АХЬМАД
СУЛЕЙМАНОВ



ЛАМАНАН ХЬОСТАНАШ

АХЬМАД СУЛЕЙМАНОВ

ЛАМАНАН ХЬОСТАНАШ



Нохч-Палгlайн книжни издательство
1971





ДОТТАГIАША СОЬГА БОХУ

Доттагlаша соьга боху:
«Ахь седарчий дагардо,
Волуш санна церан хехо,
Даим чlогlа терго йо.

Хlор седанан хьесап латтош,
Ахь иллешкахь дуьйцу уьш.
Лаамза цхьаъ божахь лаьтта,
Берах воьлху, цкъа ца туьйш!..»

Хlун дер тlаккха? Берах тарлой,
Седа божахь, воьлху со,
Охьабоьжначун метта керла
Ас сайн седа латабо...

Стиглара шен седа байнарг,
Хьажал шена сан даг чу:
Стиглахь боцуш, ас латийнарг —
Сан стихашкахь карор бу.

Доттагlаша боху соьга:
«Ахь беттаса хестадо.
Хlунда ву хьо цунах хьоьгуш?
Алахьа, и хlунда ду?

Беттаса схьакхета хьелахь,
Буьйса юлу хьан даг чу.

Бlаьста, гурахь, Iаьнан шелехь,
Хьо баттана ха деш ву!»

ХIун дер тIаккха? Даим Батте
Хьуьйсу берриг мехкарий...
Сел доккхачу нана-лаьттахь
Сайга хьоьжург ца карий!

Беттаса схьакхета хьелахь,
Шуна сайн дог латор ду...
Мехкарашна и догийла,
Бутт кхетталца, серло луш!

ДоттагIаша боху соьга:
«Ахь олхазарш хестадо,
Диттийн генаш мерзех лоьхуш,
Ахь олхазарш декадо...»

ХIун дер тIаккха? Зарзар-хьоза,
Бенах тнала, дIалакъахь,
Сан пондаран мерзаш озош,
Иллига ладогIалахь!

Олхазарийн иллийн аьзнаш,
Сайн стихашкахь гулдина,
Шун дегнашна дуккхадезнарг,
Ас шуна дIадиллина!

ДоттагIаша боху соьга:
«Хьан иллешкахь шовданаш,
Чахчарешкахь лаьтта оьгуш,
ХIорд баржолла шорта ду!

Реза дац тхо, поэт, хьоьца
Дуьне даггал йоккха цIе
ДIайойур ю, шовда хецахь,
Хьан иллеша цунна тIе!»

ХIун дер тIаккха? Шийла шовда
Лекъна меттиг Iотталахь,
Эвхьаза сан даг чу кховдий,
Хьайн хьогалла яйалахь!

Доттагlаша соьга олу:
«Хьо данман воьлхуш ву.
Кхача ца ло хьан духдуьйлу
Сирла бlаьрхиш? И хlун ду?»

Хlун де тlаккха? Лаьттан дегlах
Хlинцаъ яккхий чевнаш ю.
Ас цу чевнийн даьlнаш лайна,
Сайн бlаьрхишца юьлуш ву.

Сан бlаьрхиш дац лаьтта оьгурш:
Латта дендеш оьгу хlу!
Зезагаш ду цlарах догуш:
Уьш сан бlаьрхих кхиъна ду!

Доттагlаша олу соьга:
«Хьан иллешкахь малх ма бу
Ца хилча а стиглахь къегаш?
Илланча, и муха ду?..»

Хlун дер тlаккха? Цу мархаша
Наггахь малх а ма хьулбо...
Малх ца хилча, ойла ейша,
Кху дуьненах вай хlун до?

Малх бу даим сан иллешкахь,
И кхоларна кхоьру со.
Тахна сирла и хьоьжжушехь,
Вон гlан-набарш суна го...

Iаьржа талу, дlаьвше алу,
Стигла ягош, кхулу малх...
Хlай адамаш! Орцахдовла!
Хlаллакье вай тlеман чалх!

Лепийтийша и седарчий!
Лепийтийша беттаса!
Кхана вайна дуьне карчахь,
Духу ирсе сатийсар!

Декийтийша сирла шовда,
Декийтийша олхазарш!
Же! Машаран байракх къовла,
Къовла чlогlа буйна аш!

ШУЬНЕХЬ ДОШ

(Дагаев Валиде)

«Къонаха мила ву? И меллалц веха» —
Хаьттира ахь соьга шуьнехь Iаш вай:
Дерриг а дуьне ду къонахчун меха!
ХIар дуьне-м къонахийн белшаш тIехь дай!

Ламанца дин лело оьшуш ду ленаш,
Уьш кхачаделлачохь соцуш бу дин...
Иштта бу къонахий, хIар дуьне латтош,
Къонахий дIабевлча — духур ду и!

Къонаха — дахаран синпхенийн мерз бу!
Къонаха — дуьненан гIайгIанийн шад!
Цо ларйо дахаре вайн йолу марзо!
Къонаха — пха кхосса дуьйлина Iад!

Къонаха вехийца Даймехкан сийнна,
Даймехкан сий лардеш, вала и ле!
Ле иза, кхин ваха ца лууш санна,
Ленвоцчу сийлалле кховдаеш цIе!

Ца лууш ца ле и вайначул ваха,
И вайна, махкана хьалхара ле.
ХIар дуьне мел деха, къонахий беха:
Iожалло лийрйоцчу сийлалле хьош!

Терзан тIе ца дуьллу цо деший, даьхний,
Халонгахь хадочохь хьуьнаран мах.
Ах-дуьне мах болу шен корта буьллу,
Вайн маршо ларъечохь сагIа до шех.

Къонахийн собар ду — лекхан лам баккхал,
Собар ду сов доккха, кхача ца луш!
Къонахийн и собар кхачийча-м, боккъал,
ХIар маьлхан вайн дуьне духур ма ду!

Дуьненан машарна гIароллехь лаьтташ,
Сийлаллин таж ма ю церан само!

Къонахийн само артъеллачу меттехь
Мостагl ву кийча lаш, дуьне дохо!

Той кхолуш хlоттаде боцчарна гlанташ!
Дийначел дийна бу! Вайца бу уьш!
Къонахийн сий хуьлда! Гlовтта вай кlентий,
Хьакъ доллу сий, хастам царна а луш!

Къийсамна хьалха бу байракхийн суьртахь,
Лийрйоцчу сийлалле шаьш дуьгуш вай...
Дерриг а халкъаша гlулч туьйсу бертахь,
Доьлху уьш ирс долчу хьалхенга шайн!

«Къонаха мила ву? И меллалц веха?» —
Хаьттира ахь соьга шуьнехь lаш вай
Дерриг а дуьне ду къонахчун меха!
Хlар дуьне-м къонахийн белшаш тlехь дай!

ЛОЙША СУНА!

Лойша суна шийла шовда,
Амма цlена шовда ло!
Адмийн дегнаш, чуьра мекха
Дlаяьккхина, цlандийр ду!

Лойша суна, безам лойша,
Амма сирла безам ло!
Дерриг халкъаш, барт цхьаъ бина,
Бертахь даха ховшор ду!

Лойша суна сийна стигал,
Амма цlена стигла ло!
Хlай адамаш! Лаьттахь, стиглахь
Ас машар дlахlоттор бу!

Лойша суна, аш ирс лойша!
Дуьненнал ирс суна ло!
Сайна дакъа цунах ца деш,
Шуна ас и дlалур ду!

Даймахкера безам гайта,
Доттагlиг, аш таро ло!
Цуьнан дуьхьа муха веха,
Муха ле ас гойтур ду!

ЛАМАНАН ХЬОСТАНАШ

Хьагвеллачо малал шайна
Тхо — ламанан хьостанаш.
Тхуна дерриг дуьне дайна,
Ца гlелделла кхиерстина.

Шан лам тlера тхо схьадевлла,
Халла ара кхаьчна тхо.
Хийла хан ю цlера девлла,
Лома боьдуш некъ ца го.

Некъ бац ломах ирах боьрзуш, —
Иза-м ишта хилла дай!
Тхан хиш ма ду чомехь, мерза. —
Хьогалла дlаяйа шайн!

Ламанхочун амал санна,
Ондда хуьлда аьтто куьг!
Хуьлда комаршонах дуьзна,
Доттагlа, хьан аьрониг!

Цу шаьлтанан диттал чlогlа
Ира хуьлда маргlал мотт!
Цунах вай дош ала догlу:
Мотт ца луьйчохь вай хlун до?

Хезний хьуна: ломахь ютту
Чlагlонна и лекха бlов:
Бухахь — шуьйра, лакхахь — готта,
Тахна а и чlогlа тов!

Хезний хьуна: ширчу пхьеро
Муха бина бlаьвнаи гуо?

Хьоькхуш, шарбеш хIора кхера,
Биллина шен метта цуо.

Хьан дош хир ду дешийн меха,
Ахь са диллахь цунна чу!
Даим дагах кхеташ нехан,
БIе шарахь и дехар ду!

Шен дешан да воцуш мел верг,
Куйнан да вац хьуна шен!
Даим сема латтаде лерг,
БIаьрг а сирла латтабе!

Хьалха хьажа, цкъа ког боккхуш,
ТIаьхьа хьажий, ала дош,
Ойла елахь, шаьлта йоккхуш,
Дош олучохь — кхузза еш!

Тоьпан дашший, говза дошший
Дайша нисса лерина.
Шаьлтаис ца хададелларг,
Дайша дашца дерина.

Бахам байна меттиг хилахь,
Ма хеталахь цкъа а къен.
Къен ву хьуна сий, эхь дайнарг,
НаьIалт хуьлда дена шен.

Е бухахь дерг Iайганнийн бен,
КIежтийсарх цо хуур дац.
Воьлуш дийцарх, дагахь дерг шен,
КIилло стага дуьйцур дац!

Басех хахкабелла кхера
Бухха кхаччалц соцур бац.
Къерачу къуьнан куьйгаш тIера
Иэхь Органе цIапIур дац!

КIилло стагах хьакъ ду кхарда,
Массанхьа — чохь, урамехь,
Хьайн сий жимчохь, дуьйна ларде,
Бедар — цIена йоллушехь.

Дикчу динахь араваьлларг,
Кхочу тойне, я тIам тIе.
Вир тIе хиъна аравалахь —
Вир дежачу баьIаш тIе.

Аьрру куьйга кад а лаций,
Дуьхьалвала хьешана.
Аьтту буйна тур а эций,
Вала дуьхьал мостагIна!

ДегIехь ницкъ сов болчу цхьаммо,
Ша санна цхьаъ эшаво.
Хьекъал долчо, гIортахь жимма,
Эзариах а хIоз ма бо.

Гома дечиг-м нисьен ярий,
Хьаькхчи ирчу дагарца!
Ткъа, Iовдалниг витахь даррехь,
Ша коша дIа виллалца.

БIегIаган дог кийрахь лелош,
Болат-шаьлта йоьхкучул,
Дог болатан хилар тоьлу,
Шаьлта дечган тоьлу цул!

...Хьагвеллачо малал шайна,
Тхо — ламанан хьостанаш.
Тхуна дерриг дуьне дайна,
Ца гIелделла кхирстина.

Шан лам тIера тхо схьадевлла,
Халла ара кхаьчна тхо.
Хийлла хан ю цIера девлла,
ЦIехьа боьдуш некъ ца го.

Некъ бац лома ирах боьрзуш —
Иза-м ишттa хилла дай!
Тхан хиш ма ду чомехь, мерза —
Хьогалла дIаяйа шайн!

* *
*

Лекхчу ножана хьоькху мох ца эшна,
Ма ца эшна къонахчуина ала дош.
Къера къу, хьоь даьхний дала тешнехь,
Доьху хьоьга: долчу дега дIало уьш!

Цхьана стагах бIо ца кхоллабелла,
Цхьана тIулгах ма ца йоттаелла бIов.
Цхьаъ бен доцчу сил мерза хIун хилла, —
Сингаттамо хьаьшна велахь, долу сов.

Даймохк вайна цхьаъ бен ма ца белла,
Да-нана а хIора стеган цхьацца ду.
Даймахкана, дена ямарт хиллехь,
ХIай, декъазниг, хьуна латта хьарам ду.

Цхьана стагна дага цхьа дог делла,
Цхьаммо шен дог дуьненна а дагадо.
Сан доттагIа, ирсан даржехь хиллехь,
Хьайн Даймехкан, халкъан дуьхьа вогу хьо.

Дас хестийна дин хаьхкича хьалха
Ма ца баьлла кхечу кIентийн дикчу дойл.
Вочу йоIа дареш духарх кхолха,
Нанас хесторх, марехь йоцуш йисна кIел.

Цкъа тоьхна шад тоьлна дикчу динна,
Масех дийнахь бан дезнехь а беха некъ.
Цкъа аьлча а тоьъна дерг дуьненна,
Хьекъален дош, тIехьахIоттош дерриг халкъ.

Тешнабехках вай дала лардойла,
Лардойла вай ямарт волчу доттагIчух.
Тешнабехк а тешам бончух гIойла,
Церан кертахь дойла ниттийн доккха къух.

Ма хьоьгнйла Даймахках вай кIентий,
Винчу махкахь ваха, вала дац хала.

Охьадахкалаш, оьшуш хилахь гІовгІий,
Майра кортош пагІатоман васхала.

КІилло наха эрна лело куйнаш,
Вай дуьсийла уьш дІатахка боцуш дай.
Къерачу къуша, харц мел кхуьйлу дуйнаш
Хезначарна маршо хуьлуш, гІолда шайх.

Ка йоцу тІом вайн бІаьрга ма гойла,
Ка йоцу тІом — цхьа барт боцу доьзал бу
Цу доьзалан да хир ма ву гІийла,
Дийна мел ву и юхьІаьржа лаьттар ву.

Яхьйолу кІант — берриг мехкан гІала,
Ткъа, яхьйоцург — махкана а бала бу.
Оьзда йоІ ю махкана а сийлахь,
Оьзда йоцчо — мехкан а сий дойур ду.

ДОГ ДОХДЕН ЦІЕ

Іаьржа буьйса! Буьрса буьйса!
Дарцо левси кхийсайо.
Дино лергаш дуьхьалтуьйсу...
Халчу новкъа вогІу со.

Сан бора дин ма кІайбелла —
Дарцо тІе хІур биллина.
Ломахь тхойша некъах тилла —
ХІусмах дог ас диллина.

Цецах санна, гІиттош верта,
Сох чекхбуьйлу шийла мох.
Тхойшиннех шен пхьор дан гІерташ.
Барзо бІаьргаш къегабо...

Сан дин, сой — шиъ дарцо гІорош,
Шело даге кхийдайо.
Хьеше кхойкхуш, цхьаьнна-м корехь
ГІийла серло еттало...

Барзах, къуьнах хьаша кьасто
Іамийна вайнехан пхьу,
Генна дуьхьалдогіий, хьоьстуш,
Тхойшинна некъ хьоьхуш ду.

«Хіей нах!» — олий, ас мохь туху, —
Корехь серлаболу чиркх.
Вевзаш вацарх ломахь наха
Даим оьцу хьаша чу.

«Беркат шорта хуьлда хьоьца!
Воссал динара, хьаша, хьо!» —
Олуш, ондда луьйта лоций,
Хіусамдас со воссаво.

«Дела ва хьо могуш-марша!
Ма гіелвелла хир ву-кх хьо!
Кху тхан тишчу хіусмах вашахь,
Даккхахь тхоьца дийнна шо!» —

Олий, йоьлуш, дуьхьалйогіу
Нохчийн оьзда хіусамнана.
Шарахь цаьрца Іан догдогіу,
Ваха деззашехь сан кхана.

Сох ца къаьсташ, баьрчче болий,
Чухула хьаьвза дорцан кіур...
«Хьаша веъна вайга!» — олий,
Набарх гіотту берийн сур...

Божлахь сан дин пагіатбаьлла,
Хіинцца пагіат вер ву со.
Кхача кечбеш, марсаяьлла,
Пешахь кхерсташ хир ю цІе...

Вайн кхерчарчу цІарочул а,
Хьаша вохвеш, йовхо луш.
Ю вайнехан комаьршалла!
Ду вайнехан оьзда дош!

БОРЗ Ю УГІУШ...

(Мамакаев Мохьмадана)

Борз ю угІуш дера, дера.
Дарцо тІаьхьара лоькху йиш.
ДІай-схьай лестош, дитташ тІера
Цо, каетташ, доху гІаш.

Стигла ятІош, ели гІовгІа:
Туьйхи буьрса сирла ткъес.
Инзарбаьлла саьрмик богІу
Моьтту, лестош алун кхес.

Дарцо даржий мархийн верта,
Ьутт а къайлабаькхи цо.
Лаьттан букъ дІашарбан гІерта,
Багош, бохош берриг гуо.

Къона синтарш махна хьалха,
Шарлуш лаьттахь, дийшн дІа.
Ткъа, турпал наж бодац шалха,
Буьрса дарц цо доьху схьа.

Стигла лестарх и ца кхоьру:
Лаьттах чІогІа йина бу.
Кхин цхьа а пицкъ цо ца лоьру,
Дахаран пицкъ боккха бу!

Алсамъюьйлуш оьгІазалла,
Дарцо хьоькху шийла мотт.
Стелахаьштиг дІогахь, хьуьлла
Кхерста, етташ цІеран йорт.

Тупал наж, ткъа, ирахь гора,
Шена гонах хьийзаш дарц,
ХІотто дагахь шена гуора,
Амма иза-м хир ду харц!

Синтарш лардеш, стелахаьштиг
Уьйзура цо шена тІе...

Метта кхетта, отуш бlаьшти,
Ножах латий снйна цlе.

Даьгна, кхарзаделла лаьтта,
Стигла кхевдда цхьалха га.
Къона синтарш-м дисна лаьттахь,
Кийчча хеца маргlал гlа.

Комаршонца lалам хьоьстуш,
Малхо зlаьнарш хийци схьа.
Турпал ножан хьуьнар хестош,
Гlийла екаш оттокх lа.

Гонахчарна маршо яккха,
Хьуьнар долчо хало лов.
Дахар иштта дебац тlаккха?
Хиллий толам, йоцуш чов?

МА ДОХКОВАЬЛЛА СО!

Ницкъ болчо гlело еш
Шел эшначунна,
Кхерстара сан дегlехь
Нийсонан цlе.
Харцонах чекхдолий,
Тоьпан хlоъ санна,
Ма кхочура сан дош
Бакъонна тlе...

Ма дохковаьлла со!
Ма дохковаьлла!
Дlаала дезза чохь
Цкъа дош ца аьлла!
Тоьллачо гlийланиг
Харцонца хьийзош,
Бехказа ца вуьтуш,
Ницкъаца къийзош...
Ма дохковаьлла со!
Ма дохковаьлла,
Дlаала дезза чохь
Цкъа дош ца аьлла!

Гlуллакхаш дина ас
Сайл гlийлачарна:
Гlехаа дин белла,
Делла ас герз.
Сайх дийца хастамен
Дош дуьтуш царна,
Комаршо хестаеш,
Бекийна мерз...

Ма дохковаьлла со!
Ма дохковаьлла!
Кlеззигчу хlуман тlехь
Цкъа осал ваьлла.
Цкъа, чlогlа гlо эшна
Суо волчу веънарг,
Тергал и дlа ца веш.
Вухаверзорна.
Ма дохковаьлла со!
Ма дохковаьлла,
Кlеззигчу хlуман тlехь
Цкъа осалваьлла!

Адамийн хьашташка
Гуьйранна гlоттуш,
Малхана дуьхьал дlа
Воьдура со.
Дерриг ирс адамна
Цуо луш ду моьттуш,
И ларбеш делира
Маситта шо...

Ма дохковаьлла со!
Ма дохковаьлла!
Цхьалхха — цкъа малхана
Дуьхьал ца ваьлла...
Цу дийнахь сан ирс сох
Тlехтилла дайра.
Синтем цуо дlабахьар
Гуш дара шера...
Ма дохковаьлла со!
Ма дохковаьлла,

Цхьалхха — цкъа малхана
Дуьхьал ца ваьлла!

Дуьххьара сан безам
Меттахаболуш,
Сил езаш къастийна
Йо! яра сан.
Малхо де санна,
Сан дахар кхолуш
Йолу йо! лаьара
Кест-кеста ган...

Ма дохковаьлла со!
Ма дохковаьлла,
Сил езаш йолчуьнга
Сонта дош аьлла!
Мел бехкавийларх, и
Ца тайра соьца,
Безамна бекхам беш,
Соьца чIир ийцш...
Ма дохковаьлла со!
Ма дохковаьлла,
Сил езаш йолчуьнга
Сонта дош аьлла!

Ма дохковаьлла со!
Ма дохковаьлла,
ДIаала деззачохь
Цкъа дош ца аьлла!
КIеззигчу хIуман тIехь
Цкъа осал ваьлла,
Цхьалхха — цкъа малхана
Дуьхьал ца ваьлла,
Сил езаш йолчуьнга
Сонта дош аьлла
Ма дохковаьлла со!
Ма дохковаьлла!
Сил езаш йолчуьнга
Сонта дош аьлла!

МАРЖА ЯЛ БОЦУ НИЦКЪ!

Буьйсанна олхазар
Дийкира арахь —
Хетарехь, дара и
Шен некъах тилла.
Наггахьа Iиндагlа
Леста сан корехь:
Дагахь ду со волчу
Хьошалла дилла.

Ма Iаьржа ю буьйса.
Гуш бац цхьа седа.
Гуьйренан догlа ду
Тlедоьлхуш шийла.
Мила ву, сел къиза,
Шу некъах хедош,
Шух пхьор дан гlиртинарг?
И хlаллакьхуьлда!

Гlелъелла, даржийра
Шен шуьйра тlемаш,
Сан кора хьалха цу
Хазчу гlургlезо.
Накха шен цlийх буьзна,
Зlакарх цlий Iенош,
Соь орца дийхира
Исбаьхьчу озо.

«Хьешана данман
Тешаме волчу
Нохчочун хlусаме
Кхаьчна хьо хlинца.
Чуйола со волчу,
Ма хlотта холча.
Хьайн деган дера чов
Ахь паргlат йийца!» —

Олуш, ас диллира
Хьешана кораш,
Дог лозуш, деран чов
Сайн куьйга ерзо.

Ницкъ боцчу тIемаш тIехь
Соьцура, кхоьруш,
Делахь а туьйлира
Дахарс марзо.

Хиллера дуьненах
Тешам дIабаза —
Йоьссира тхан цIенкъа,
Дайна шен гIора...
Массарнаъ цхьабосса
Кхоьллина-кх деза
ХIар дуьне. ГIо доьхуш,
Цуо узарш дора...

Дархочо соьгара
Доьхура орца,
Ца тешаш куьйранах
Яларх кIелхьара.
Маржа я!! Куьйра, хьо
Тоьпаца марца!
Ца кхиддарг цхьанна а
ТIе буьрсан мIараш!

Маржа я!! Боцун ницкъ,
Ца кхоош яккха
Экханан кIомсар, и
Куьйранан мIара!
Машар, барт хир дар-кха
Лаьтта тIехь тIаккха,
Дуьнен чохь хIумма а
Ца долуш гара!

ШОВДА ШЕХ СХЬАНЙЧА

Эмалк санна, терсаш карзахдуьйлуш,
Буьрса Орга бердех леташ го.
Къа ца хеташ, бердаша и къуьйлуш,
Готте хьийзош, даим кхехкадо...
Олхазарш, акхарой а генадуьйлу —

Органо уьш, чехош, кьехкадо.
Генна лахахьа, кхехкаш, лаьттах дуьйлуш,
Сирла шовда цунах деттало...

Буьрса Орга, шовда шех схьанйча,
Серладолий, курра долало.
Берех тарлой, чохь седарчий луьйчу,
Хи дан йогIуш нохчийн йоI а го.
Акха сай бу Орга мала тебаш,
Сирла шовда ийна долу шех.
Беттаса ду мархаш юккъехь хебаш,
Цкъа къурд балла Орга дезаш тIех!





ЦИГОНАН ЙОГЕ

Беран хенахь олура соь нанас:
«Ворхl ломал а тlехьа дисна ирс.
Воккхахилча, вахна и схьадеъна,
Массарна а дlадекъалахь и!»

Юттура цо суна ирсан гlала,
Жовхlареххий, детих юттура.
Воккхахилча-м кхийтира со: гlалат
Хилла беран хенахь моьттинарг...

Ворхl лам, стигла, акха арешl толлуш,
Ас лийхира нанас хьехна ирс.
Совдаьлларнг гlулчашкахь дlадуьллуш,
Массарна а кхачо лиъна и.

Дерриг дуьне теллина а ваьлла,
Цlехьа вогlуш, кхечи гlала со.
Кхечи автобусан станце халла.
Киснахь дисна ду цхьалха цхьа сом!

Нана дуьне гатделлачу дийнахь
Шена тоха тlаьхьабизна хlоъ,
Ма хуьлур-кха дуьхьалтуьйсуш гlенах
Декъазчунна. Самах а и го!..

Гулбеллачийн кху тобана юккъехь,
Муха вевзи декъазчунна со?
Муха хин дайний ирсан дакъа,
Ирс доцчарна ирс луш йолу хьо?!

Муха хин киснахь сом диснийла?
Цхьаъ бен доцу! Хlинца ас хlун де?
Дашо долуш санна, буйна къуьйлу...
Хlетте сом дlакхечи цу йоlе!

Тамаше, самукъне гонах сетташ,
Цигонан йоlа суна баькккхи гуо.
Кlайчу цергаш юккъехь дато сом а къегош,
Бlаьрг а теlош, йоьлуш, эли но:

«Хlай комаьрша, хьо исбаьхьа къонах,
Схьагайтал хьайн, и хьайн дашо куьг!
Хьан ирс ма дац ахь дог диллал генахь,
Ирсах дуьзна, lанадахна дог!

Хьан дог ма ду комаршонах дуьзна,
Эсал, оьзда, ву къннхетаме.
Карайогlу хьуна йоккха хазна,
И бакъ хилахь суна дакъа де!

Ву хьан чlогlа хьуна ямарт доттагl,
Кхераме ву луьрчу мостагlчул!
Мостагl ву кlелхуьйшуш хьуна гуттар,
Амма эххар хьо тоьлур ву цул!

Дагахь даллац и сом цхьаъ бен доцу,
Дагахь даллац цlехьа гlаш некъ бар.
Цигонан йоl ирсах туьйра дуьйцуш,
Соьца хир ю, дагчохь юьтуш лар.

Ирс ду боху ворхl ломал а дехьа
Я цхьаннахьа а доцуш ду те и?!
Цигонан йоl, кхин цкъа lехавехьа!
lехавехьа цкъа тlаьххьара со!

МА АЛА СОЬГА

Бовхачу безамца
Хьайга дог кхийдаш,
Хьуо ца гуш дахна де
Кхоьлана хеташ,
Мацалла, хьогалла
Хьо йолчохь йицлуш,
Хьуо езначуьнга ахь
Йицъе ма ала!

Хlар дуьне дита а
Хир ву со реза
Амма со дуьненчохь
Мел веха гlоза,
Самах а, гlенах а
Хьо сайна езар
Далхадеш вехар ву:
Йицъе ма ала!

Шалха мотт вайшинна
Юкъе ма буьйли,
Соьцара хьан безам
Шелбелла бели,
Сан даго тlаьххьара
Хьоьга мохь эли:
«Сан безам, соьга хьо
Йицъе ма ала!

Сан бlаьрхих, сан дуйнех
Хьо ма ца кхийти,
Езар сов мел дели
Со хийра хийти,
Шелделла тlулган дог
Ахь суна гайти,
Сан безам, соьга хьуо
Йицъе ма ала!

Сан кийра йижий ахь
И lаьржа буьйса,
Вити ахь со хьайга
Къайлах сатийса,

Ахь суна дихкина
Хьо йолчу хьийзар,
Сан безам, соьга хьуо
Йицье ма ала!

Ахь алахь кийча ву
Лекха лам ахка,
Кийча ву, хьо лоьхуш
Вала а акха,
Ма таса вайшинна
Юккъе ахь мекха,
Сан безам, соьга хьуо
Йицъе ма ала!

Реза яц хьо соьца
Сан безам бекъа,
Вехар со валлалца
Безаман шовкъехь,
Хьагі йоцу сан безам
Хьанна бу новкъа,
Сан безам, соьга хьуо
Йицъе ма ала!

Валлалца, хьо йицъян
Хир вац со реза,
Хьуна со ца везарх,
Суна хьо-м еза,
Вайшиннаъ метта хьо
Ехийла гІоза,
Сан безам, соьга хьуо
Йицъе ма ала!

ХЬО ЯРЕ САТУЬЙСУ

Меллаша малх хьулло,
Суьйре тІеюлу...
Лаьтта со, генарчу
Хьох ойла йоьзна.
Хьоь кхойкхуш, лам бекош,

Ас илли олу,
Хьо яре сатуьйсуш,
Сайи илли хезна.

Ша тайпа качделла,
Хьоза ду декаш,
Бlаьстенца шен накъост
Тlедоьхуш шена.
Цхьалхачу цу батто
Стиглахь до нека,
Хьо йоцчохь, и санна,
Цхьан хета суна.

Дитташ тlехь олхазарш
Вовшийн тlедоьхуш,
Диэкаш ду тайп-тайпана
Эшаршка дуьйлуш.
Ламанца сема сай,
Гlелашка гlергlаш,
Буьйсанан беттасехь
Ирзешка буьйлу...

Хьуо елахь сан безам
Шеконе боьхкуш,
Ца лечкъош, хьомениг,
Схьаала соьга.
Хьо тешо, Казбек-лам
Хадор бу, охкуш,
Сатуьйсуш, хьоьжур ву
Валлалца хьоьга.

Тешалла хlоттор ю
Ас хийла буьйса,
Хьо бахьнехь мел йина
Карзахе ойла.
Стиглара седарчий
Вайшинга хьуьйсу,
Кхирстина некъаш а,
Хьоьжуш хьо гойла.

Дуьненах лечкъийна
Сайи бlаьрхиш дайна,

Беттаса доьхур ду
Тешалла сайна.
Къайллаха ас шаьшка
Безам балхийна,
Зезагаш доьхур ду
Тешалла сайна...

Сарахь, хьо хIуьттучу
Шовдане волий,
Цу чохь хьан сурт гойла
Хьоьжу со сайна.
Буьйсанна беттасах,
Цкъа дагаволий,
Ялхайо сайн гIайгIа,
Хьо бахьнехь лайна.

Меллаша малх хьулло,
Буьйса тIеюлу...
Лаьтта со генарчу
Хьох ойла йоьзна.
Хьоь кхойкхуш, лам бекош,
Ас илли олу,
Хьо яре сатуьйсуш
Сайн илли хезна.

ХЬО МАРША IОЙЛА

Диц ма де: хьо хир ю
Сан деган эла,
Со воьду валлалца
Хьо йоцчохь лиэла.
Хьайн делахь, дог хьостуш,
ГIаьххьара дош ала,
Вай вовшийн кхин гур дац,
Хьо марша Iойла.

Бешара мох тийна,
Декаш ду хьоза.
Хастам беш йиллинчу
Хене хьо ярна,

Стиглара седарчий
Нур Іенош, кхозу,
Вайшинна айкхдовлахь
Эхь деца царна.

Буьйсанна серло лун
Беттаса санна,
Хьо яр-кха сан серло
Ерриг а ханна,
Сан деган беттаса
Ца кхетан дуьзнехь,
Сан гІийла дог-ойла
Хуур те хьанна?

Дешица хи доккхуш,
Говзачу пхьеро
Дети тІехь диллина
Беттан сурт санна,
Сан даг тІехь язйина
Хьоме цІе хир ю,
Дуьнен чохь ас яккха
Йисинчу хаина.

Цкъа йоьлхуш, хьоменig,
Хьо коше яьлла,
Хьан бІаьрхн доьжначохь
ЦІен зезаг даьлла,
Лахьти чохь велар со,
Барз а шарбелла,
Хьуна вицваланза,
Далла вицвелла.

Диц ма де: хьо хир ю
Сан деган эла,
Со вовду валлалца
Хьо йоцчохь лиэла,
Хьайн делахь, дог хьостуш,
ТІаьххьара дош ала,
Вай вовшийн кхин гур дац.
Хьо марша Іойла.

БАТТО САГАТДО

Орцан дукъах дато малаш
Туьйсуш, батто сагатдо.
Цlестан кlудал нохчийн йоlа
Шовданна кlел сецайо.

Хета, баттах схьадухдуьйлуш,
Кlудал юзу шовдано.
Нур-зlаьнаршца безам муьйлу,
Йолах хьерчаш, цу батто.

Кlудал юьзна... Iанаоьху
Бlаьрхнх терра дато хиш.
Ткъа, йоl гнчи, дог а лехий,
Нохчийн кlанта лоьхху йиш:

«Йоl, хин чами кховдабехьа,
Чохь бетта нур даржадай!
Ткъа, беттан нур ца лахь айхьа,
Бlаьргийн нур ло суна хьайн!

Маржа! Хlинцца доцу кема —
Ткъесах гlатта космосе.
Маршал хоттуш, даржо тlемаш,
Хьол генарчу седане!

Лоцур дар-кха стелахаьштиг,
Стиглахь кхарсто сийна цlе.
Стнглан дарий цlарца дагош,
Хьан цlе язъян цунна тlе!

Йоl, хин чами кховдабехьа,
Чохь беттан нур даржадай!
Ткъа, беттан сурт ца лахь айхьа,
Бlаьргийн нур ло суна хьайн!»

ХЬОЗА

(Халкъан илли тIера)

Можа хьоза, хаза хьоза,
Сарахь, Iура, ломахь, арахь —
Даим хеза цуьнан оза,
Цуьнан оза даим хеза.

Баьллийн бешахь, зазаш юккъехь,
БIаьсте хестош, зазаш лестош,
Дека, ловзу можа хьоза,
Можа хьоза дека, ловзу.

Йогlу Iуьйре, юлу суьйре,
Цу ламанца, цу аренца
Даим хеза зевне оза,
Зевнен оза даим хеза.

Хьоза декаш хезчи сайна,
Дагайогlу езнарг суна.
Иштта говза дека хьоза,
Дека хьоза иштта говза.

ПОЛЛА

(Халкъан илли тIера)

Хаза полла, къорза полла,
Бай тIехь дургал гулъеш лела,
Бай тIехь дургал гулъеш лела.

Полла шена тIелахбелча,
Зезаго и эсала хьоьсту.
TIера полла дIагIаьттича,
Зезаг цунна тIаьхьа леста.

Цу зезаг тIехь полла санна,
Леста денна со хьо йолчу.

Цу урчакх тIе чилла саина,
Хьан безам сан дагах хьерча.

Жима полла, хаза полла,
Бай тIехь дургал гулъеш лела,
Бай тIехь дургал гулъеш лела.

ЙОГIУР Ю, ХЬОМЕНИГ, ХЬОЬГА!

(Мехкарийн эшарш тIера)

Сил дукха ахь еза боху,
Суна хьо везар а доьху.
Суний бен цхьаннаъ ца вевза!
Амал дуй,
Амал дуй,
Амал дуй, хьо суна веза?

Хьан суьрташ со-м оьшуш яций,
«Сийлаллин уьн» тIехь уьш дацахь.
Цу тIехь хьан сурт дайчи сайна,
Хьоьжур ю,
Хьоьжур ю,
Хьоьжур ю, хьо хеташ тайна.

Газето хьо хестош вийцахь,
ЦIен байракх ахь буйна лецахь,
Везар ву хьо нийсархошна,
Везар ву,
Везар ву,
Везар ву, хьоменига суна!

Хьан толам — урдошна эцна,
Хьоменига, ехар ю хьоьца,
Амал дуй вай вовшех хьега?
Йогlур ю!
Йогlур ю!
Йогlур ю, хьоменига, хьоьга!

КАЛЕНДАРАН ТIАЬХХЬАРА ЛИСТ

Гуттара а сацна, керлачу шарца
Ас даггара хьо декъалайо,
Хеназа къеналло кийра ца морцуш,
Бlе шовзткъе нтт шарахь ехийла хьо!

Хьан зама лечкъаеш, дlакирчи денош,
Кхин юха ца дерза, чекхдели шо.
Азъели календарь, листаш а Iенош,
Тlаьххьара дисина цхьа лист а го...

Гlелвелла лаьтта со, цу листе хьоьжуш:
Дог Iийжа. Кхоьру со и даккха схьа...
Бертаза я бертахь хьо даг чохь лелош,
Яькккхина мерза хан яларна дlа.

Кхоьру со, кхоьру со яларна бlаьсте:
Зезагаш гlовттур ду, къарз а беш бай...
Хьох тера бос богу зезагаш къестош,
Карор вац царна со — илланча шайн.

Нагахь со ларамза шаьшна тlекхачахь,
Иэхь хеташ, бай тlе охьтеlар ду уьш.
Ас шаьшка хьо йийцахь, шайн тхишлахь
луьйчуш,
Къахеташ, эгор ду шайн бlаьргех хиш...

Бlаьста-м ша бешар бу шовданаш тlера,
Бlе шарахь бешар бац — даг тlера сан!
Сайн ирсан беттаса дlадуьзна лоьруш,
Йоккхур ю ас гlийла йисина хан.

Бертаза хьо даг чохь кхаба дац атта,
Хийрачу хьоь хьиэжа пицкъ а бац сан...
Маржа я! Велар-кх со тlулг хилла лаьтташ,
Шуьйрачу новкъахь хьо наггахьа ган!

Нагахь хьо гlелъелла шена тlетовжахь,
Хьан ненал эсала хир бара и.
Хьагъелла, йохъелла, пицкъ боцуш дегlехь,
Ахь дехча, лур дара Iиндагlа, хи!

Гlелвелла лаьтта со, цу листе хьоьжуш:
Дог lийжа. Кхоьру со и даккха схьа...
Бертаза я бертахь хьо даг чохь лелош,
Яьккхина мерза хан ели те дIа?

* * *

Довхачу цу дийнахь
Ламанан новкъахь,
Хьацарна lийдалуш,
Со цIехьа гIерта.
ДегIан ницкъ сайн эшна,
ЦIа кхача шовкъехь,
Хьо ган хьагваларна,
Хьевзина корта...

Цу товно мархалдеш,
Са доцуш санна,
Акхтаргийн маргIал гIаш
Охьхозаделла.
Цу малхо човхийна,
ЗIакарш гIеттийна,
И зевне олхазарш
ГIаш юккъе доьлла...

Дерриг а шовданаш
Лекьна те ломахь?
Къурд балла хи дац техь
Кхехкачу дийнахь...
Маржа яII Лерашкахь
Лаьттинчу lоман —
Мер бар-кха ас нза
БIаьрга ма гиннехь!

ГIа-бецийн кондарша
Хазбинчу терхах
Схьатуьйсуш цIехьана
Суна гин шовда...
ТIехьара ницкъ гулбеш,

Со хьаьди гІоддах,
Яржийчу канашца
Шовдан чу кховда!

И шовда-м хиллера
Органал дехьа...
ДІахьаьжчи, хетара,
Хьо санна, гергахь.
Ткъа суна, гІелвелла
Лаьттачу сехьа,
Декара и шовда
Дог иэтІош лергехь.

Тхойшинна юккъехь Іин
Хиллера кІорга —
Ахь санна, шовдано
ІІІех хьегавора...
Эмалках тарделла
Терсара Орга, —
Ткъа, шовда Органах
ДІадетталора...

ГУЬРЖИЙН ЙОІЕ

Арагвин, Куран хиш кхеттачохь вовшех
Лаьттара со хьоьстуш ойланца Іалам,
Лампанаш хьаллети Мцхетехь садовшшехь,
Малхочул серла а йоккхуш и гІала.

ТІаьххьара со хьоьжуш чубузчу малхе,
Суна тІееара исбаьхьа гуьржи.
Яц тахна, хилла яц шел хазниг хьалха,
Ялаел, ца тешахь, дуьненчохь харжий.

КІайн дато ламанаш дешица кхолуш,
Суна а бицбелла, малх бузуш лаьтта.
Цу йоьІан хазаллехь гуора и кхоьлаш,
Хетара: цо йоІе кховдош ду латта.

...Хетарехь, буьйсанна цуочулла батто
Делла дац дато нур ерриг а ханна.
Хетара: тховса а хьелур бу гІатта
Йолах иэхь хиэта, цу малхах а санна.

Буйнахь ду варкъаца кечднна жайна,
Мужалта тІехь къега сурт Руставелин.
Йоl ша-м ю Нестанал, Асматал тайна...
Вайн маттахь цуьнга со ншта лен вели:

«Іуьйранна патарш тІехь тхи лиэпаш роза
Хуьлур-кха кхетачу малхехьа доьрзнй, —
Хир вар-кха валлалца хьоь хьиэжа реза,
Реза ву, хьоьцанний сайн малхе верза...

Массо а цхьаъ санна балха тІехь тоьлла
Мехкарий бовзийта тІелоцу хьуна,
Йолахьа, гуьржийн йоl, соьца дІайола,
Тхан махка хьо ярах кхаъ хир бу тхуна.

Тхан махкахь дети дац, дешн дац сийлахь —
Тхан мехкан сийлалла мехкарнй беца,
Я вонехь, диканехь я къело къийлахь,
Цхьаннаъ ницкъ кхаьчна бац церан иэхь иэца.

Къестаяц мехкарша тхан дийнах буьйса,
Кхочушъеш программа къийсам дІахьо.
Вайн Партин дош Іамош, жайнашка хьуьйсу,
Бен дуй ткъа Даймахкахь. ДІайогІий хьо?

Гойтур ю аренаш ялташца лесташ,
Даьхний а гойтур ду дилхах даздслла.
Иллеш а хезар ду вайн Парти хестош,
Халкъана, махкана ирс цуо ма делла.

Екхна ю тхан стигла йоцуш цхьа марха,
Ламанийн басешкахь техкаш ю хьун.
Стоьмаш бу хьнйкъина, цхьа кемсийн хорха
Тоъал ю хьешашна кечдалла шун.

Хьелуш ю тхан ломахь ца юссуш буьйса, —
Ильичан чиркхаша даьхна тхо серла.

Седарчий, бетгаса цецдуьйлуш хьуьйсу,
Къонделла тхан лаьмнаш, дахар ду керла.

Еларца шен цергийн жовхIарш а къегош,
Гуьржийн йоI лен сли, соьца яц хизаро.
«Нино» — хиллера цIе. Со шех а хьиэгош,
Лаьттара кхоьллинарг говзачу пхьеро.

Дийцарехь Нино яц соьца яи реза,
Атта дуй ша вина, кхиъна мохк таса?
Кхоьллина-кх хIораннаъ сил дукха беза,
Хийламмо и къуьйсуш дIаделла-кх шен са...

— «Мел яккхийн къайленаш ас шега юьйцуш
Тхан юьртахь къастийна йоI ю сан, Нина.
Цхьа къайле и езар дац цхьаьнгга дуьйцуш,
Безам бу тхойшиннан нахах лачкъийна.

Бертахь деш безамца мукIарло доцуш,
Вовшашна сил дукха дезаш ду тхойша.
Даггара тхайн безам бIаьргашца буьйцуш,
Безаман алунехь догуш ду тхойша.

БIаьргаш бу ма-дарра и регIан куока,
Цара хьо цкъа лаьцнехь, амал дац хеца.
Шовданан эшшарехь зевне аз дека,
Хьуна и цкъа хезний — хир ду и хьоьца.

Аренга охьадаьлча Терк санна, сетта
Ловзаргахь, сцени тIехь йолучохь хелха.
Мекар ю, аьрха ю шена ма хетта,
Балха тIехь норма цуо кхочушйо кхолха.

Шайна и гур-кх, олий, юьртара кIентий
Хийлазза богIу-кха рагI йоцуш балха.
Яхьбуьйлуш, йоI къуьйсуш, балха тIехь хIуьттий,
Боьрзу цIа, норманаш кхочушйой шалха.» —

Маршонца безамца соьга куьг делла,
Гуьржийн йоI дIаяха, къаьстина халла.
Со-м лаьтта ца хууш сайна хIун хилла,
Кхиссало кийрахь дог, меттиг бац дилла.

Чехкачу Арагвис тухxучохь гуола,
Хьаьггинчохь со вуьтуш, йоI къайлаели.
Iиэлац со. Мохь туьйхи: «Тхо долча йола!»
Цо соьга бIаьргашца — «ЙогIур ю», — эли.

Вайн махкахь мехкарий, кIентий бу оьзда,
Даймахкехь безам бу уггар а чIогIа.
Нана-мохк, дайн латта кийча бу хаздан,
Цаьргахь ду-кх тешаме хиндолчун догIа.

ЧУЛАЦАМ

I

Доттагlаша соьга боху 5
Шуьнехь дош 8
Лойша суна! 9
Ламанан хьостанаш 10
«Лекхачу ножана хьокху мох ца эшна...» . . 13
Дог дохден цIе 14
Борз ю угIуш 16
Ма дохковаьлла со! 17
Маржа яI, боцу ницкъ! 20
Шовда шех схьаийча 21

II

Цигонан йоIе 25
Ма ала соьга 27
Хьо яре сатуьйсу 28
Хьо марша Iойла 30
Батто сагатдо 32
Хьоза 33
Полла 33
ЙогIур ю, хьомениг, хьоьга! 34
Календаран тIаьххьара лист 35
«Довхачу дийнахь...» 36
Гуьржийн йоIе 37

Сулейманов Ахмад Сулейманович

ГОРНЫЕ РОДНИКИ

(на чеченском языке)

Редактор Ш. А. Арсанукаев. Художник Ю. А. Шевченко
Худож. редактор М. Б. Магомаев. Техн. редактор Х. Д. Юпаев
Корректоры: И. Абзаилов и З. Аткеднева

*

Сдано в набор 1.11 1971 г. Подписано к печати 21.V 1971 г.
Формат 70x90 1/32. Объем 1.25 (1,46). Уч.-изд. л. 1,53
Тираж 2000 СФ04338
Чечено-Ингушское книжное издательство Управления по печати
при Совете Министров Чечено-Ингушской АССР,
Грозный, 21, улица Ленина, 14

*

Заказ № 25
Типография имени И. Н. Заболотного Управления по печати
при Совете Министров Чечено-Ингушской АССР,
Грозный, улица Интернациональная, 12/33
Цена 15 коп.